

Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



Pawòl Bondye pou pitit li yo

Ekriti yo di nou premye bagay Bondye te fè apre l te fin kreye gason ak fi a se te pale avèk yo.¹ Li te gen enfòmasyon enpòtan ak enstriksyon presye pou l te ba yo. Objektif li se pa t pou l te mete fado so yo oubyen pou l te enkyete yo men sete pou l te gide yo al nan bonè ak lagwa etènèl.

Epi sa sete sèlman kòmansman an. Depi jou sa a rive jodia, Bondye kontinye kominike avèk pitit li yo. Disip li nan chak jenerasyon te toujou prezève, cheri, ak etidye pawòl li yo. Moun k ap chèche konnen volonte Bondye yo venere pawòl sa yo, epi yo rann temwanyaj sou verite sa a, ke: “Bondye pa fè anyen, san l pa revele sekre l bay sèvitè l pwofèt yo.”²

Sa sete yon modèl depi nan kòmansman an, epi modèl sa a kontinye jodia. Se pa sèlman yon bèl istwa bibliik, se fason Bondye etabli pou kominike mesaj esansyèl bay pitit li yo. Li chwazi kèk moun nan pami nou, li aple yo pou yo vin pwofèt, epi l ba yo pawòl pou yo di, ke yo envite nou pou nou “resevwa, kòm si sete bouch pa [l].”³ Sovè a te deklare: “Kit se avèk pwòp vwa pa m oubyen avèk vwa sèvitè m yo, se menm bagay la.”⁴

Sa se youn nan mesaj ki pi gloriye, pi ankourajan, e ki pote plis espwa nan Retablisman an—Bondye pa fè silans! Li renmen pitit li. Li pa kite nou pou n ap mache nan fènwa.

Defwa chak ane, an Avril ak an Oktòb, nou gen opòtinite pou n tande vwa Senyè a atravè sèvitè l yo nan bèl konferans jeneral nou yo.

Mwen rann nou temwanyaj pèsònèl mwen ke, byen lontan avan yon oratè nan konferans jeneral fè mach long sa a al sou chè a, li investi anpil efò, lapriyè, ak etid an repons pou tach yo ba li pou l fè diskou a. Chak mesaj konferans reprezante anpil èdtan preparasyon ak priyè sensè pou moun nan ka konprann kisa Senyè a vle Sen l yo tande.

Kisa ki ta ka rive si nou menm, antanke moun k ap tande, nou ta fè menm kalite preparasyon oratè yo fè a? Kijan nou ta kapab gen yon apwòch diferan konsènan konferans jeneral si nou te konsidere konferans kòm yon opòtinite pou n resevwa mesaj nan men Senyè a li menm? Atravè pawòl ak mizik konferans jeneral yo, nou kapab atann pou nou resevwa repons pèsònèl konsènan kèlkeswa kesyon oubyen pwoblèm nou gen dwa ap rankontre.

Si nou janm mande tèt nou si Papa nou ki nan Syèl la ap pale avèk nou toutbon, mwen ta fè nou sonje pawòl senp men pwofon sa yo timoun Primè nou yo chante yo: “[Ou se] yon pitit Bondye, epi li voye [w] isit la.” Objektif li se pou ede w retounen “al viv avèk li yon jou.”

Si w apwoche Papa nou ki nan Syèl la antanke pitit li, ou kapab mande l avèk yon kè sensè: “Dirije m, gide m, mache bò kote m, ede m jwenn chemen an.” Anseye m tout sa m dwe fè.” L ap pale avèk nou atravè Sentespri l la, epi apres, se nou menm k ap deside si n ap fè “volonte l.” Mwen pwomèt nou si nou fè sa, “gen gran benediksyon ki rezève pou nou.”⁵

Nou bezwen gidans Senyè a jodia plis pase nou te janm bezwen l nan istwa mond lan. Pandan n ap prepare nou pou nou tande pawòl Bondye a, se pou nou chèche Lespri verite a ak dilijans pou lè Senyè a pale atravè sèvitè l yo, nou kapab konprann, vin edifye, epi rejwi ansanm.⁶

Mwen temwanyen ke “lè nou fè sa, pòt lanfè yo p ap gen viktwa sou [nou]; wi, epi Senyè Bondye a ap dispèse pou-vwa tenèb yo devan [nou], epi l ap fè syèl yo souke pou byen nou, ak pou laglwa non li.”⁷

NÒT

1. Gade Jenèz 1:28.
2. Amòs 3:7.
3. Doktrin ak Alyans 21:5.
4. Doktrin ak Alyans 1:38.
5. “Je suis enfant de Dieu,” *Cantiques*, n. 301 *Chants pour les enfants*, 2-3.
6. Gade Doktrin ak Alyans 50:21-22.
7. Doktrin ak Alyans 21:6.

ANSEYE APATI MESAJ SA A

Pandan konferans jeneral nou kapab resevwa repons pèsonèl pou kesyon nou yo ak pwoblèm nou yo si nou koute sèvitè Bondye aple yo. Panse pou w pale sou kesyon sa a avèk moun w ap ansenye yo: Kijan nou ka prepare pou n resevwa repons sa yo nan konferans jeneral? Prezidan Uchtdorf ankouraje nou pou nou “chèche Lespri verite a avèk dilijans.” Kisa w panse sa vle di, epi kijan ou kapab mete sa nan preparasyon ou? Anplis benediksyon yo mansyone nan Doktrin ak Alyans 21:6 yo, ki lòt benediksyon ki vini lè nou prepare pou n koute pawòl Senyè a bay palentèmedyè sèvitè l yo? Ou gen dwa envite moun w ap ansenye yo pou yo ekri nan yon jounal kisa Lespri a ansenye yo nan konferans jeneral sa a.

JÈN YO

Prepare pou n koute vwa Bondye

Prezidan Uchtdorf eksplike kòman premye bagay Bondye te fè apre l te fin kreye gason ak fi a sete pale avèk yo epi ba yo enfòmasyon ak enstriksyon presye. Nou jwenn menm benediksyon sa a an Avril ak an Oktòb pandan konferans jeneral, kote dirijan Legliz yo adrese nou epi banou konsèy Senyè a vle nou tande.

Èske w te janm tande vwa Bondye atravè sèvitè l yo pandan konferans jeneral? Èske w te janm santi yon mesaj espesifik te ba w yon repons ou t ap chèche? Nan yon jounal, ou gen dwa ekri eksperyans sa a ak di kijan li te ede ou. Apresa ekri kesyon ou genyen yo epi etidye yo pandan etid ekriti ou pou ou ka prepare w pou w koute vwa Senyè a nan konferans k ap vini an. Priye Papa nou Ki nan Syèl la, epi mande pou w resevwa repons ak gidans pandan konferans lan. Lè w ap koute sèvitè Bondye yo, konsantre w sou enspirasyon endividyèl ou resevwa yo. Kisa w te aprann? Kijan w te santi w enspire pou chanje? Ekri enspirasyon sa yo paske se Lespri a k ap pale avèk ou!

Toujou sonje Papa nou ki nan Syèl la renmen w epi l ap gide w nan bon direksyon an. Pandan w ap efòse w pou w tande vwa li atravè sèvitè l yo, w ap beni epi w ap edifye.

TIMOUN

Prepare nou pou konferans!

Ekri enspirasyon sa yo sou yon mòso papyè. Kenbe papyè a avèk ou pandan konferans lan pou w ka ekri sa w aprann.

Ekri kesyon w yo. M ap reflechi sou . . .

Priye Papa nou ki nan Syèl la. Mwen ta renmen jwenn èd pou m aprann konsènan . . .

Koute konferans jeneral la. Mwen te aprann . . .



Lafwa, Fanmi, Sekou

Priye pou chak sè nan non li

Lanmou nou ak enspirasyon nou konsènan moun nou vizite yo ap ogmante si nou enbleman priye pou chak grenn sè nan non li.

Ekriti yo pataje anpil egzanp sou gason ak fi ki te priye pou lòt nan non yo. Youn nan priyè ki pi ekstraòdinè sa yo se priyè papa Alma, pi jèn nan. Yon zanj te pale avèk Jèn Alma, li te di l ke papa l “te priye avèk anpil lafwa pou ou . . . ; se poutèt sa, m vini pou m konvenk ou, pou w konnen pouvwa ak otorite Bondye, pou konnen priyè sèvitè l yo kapab gen repons dapre lafwa yo” (Mozya 27:14).

Lè nou youn priye pou lòt, sa ouvri kè nou pou n resevwa benediksyon Senyè a vle banou. “Objektif lapriyè se pa pou chanje volonte Bondye, men se pou sekirize benediksyon Bondye deja vle banou yo, pou tèt pa nou ak pou lòt moun, men nou bezwen mande pou nou kapab jwenn yo.”¹

Yon sè te rakonte kijan, pandan yon peryòd difisil nan lavi l, li te

konn souvan resevwa yon apèl telefòn oubyen yon senp mesaj tèks enstriktis ofwaye l yo te konn voye ba li pandan kèk “jounen patikilyèman fènwa.” Se kòm si yo te konnen egzaktman lè l te bezwen yon ankourajman. Li te konnen ke yo t ap priye pou li, ni lè yo te vizite l ni lè yo te poukont yo.

Julie B. Beck, ansyèn Prezidan Jeneral Sosyete Sekou a te di: “Panse a fòs nou t ap genyen si chak sè te fè priyè sensè chak maten ak chak swa, oubyen pi bon toujou, si chak te priye san rete jan Senyè a kòmande a.”² Priyè pou moun nou vizite yo fòtifye nou endividyèlman epi antanke fi Sen Dènnye Jou.

Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan te di: “Priye pou nou ka konn kè yo. . . . N ap bezwen konn kisa Bondye ta renmen nou fè pou ede

yo epi pou nou fè l osi byen nou kapab, pandan n ap santi lanmou Bondye pou yo.”³

NÒT

1. Gid ekriti yo, “Priyè.”
2. Julie B. Beck, “What Latter-day Saint Women Do Best: Stand Strong and Immovable,” *Liahona*, Nov. 2007, 110.
3. Henry B. Eyring, “Prètriz ak Priyè Pèsònèl” *Lyawona* Me 2015, 85.

Reflechi sou sa

Ki enspirasyon nou te genyen resaman ak ki ide nou te jwenn pandan nou t ap priye pou chak grenn sè nou vizite?

Sèvi

Si nou priye pou chak sè nan non l, n ap resevwa enspirasyon pèsònèl pou n konn kijan pou n reponn bezwen chak sè n ap vizite.